

# Tretman akselere pou patnè a (Expedited Partner Therapy, EPT) pou klamidya:

## Yon gid pou pasyan ki te resevwa Doksisisiklin pou patnè li a (yo)



### Poukisa yo ban m preskripsyon oswa medikaman anplis?

Doktè dekouvri ou gen klamidya, yon enfeksyon ki pwopaje pandan w ap fè sèks nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen. Patnè seksyèl ou yo bezwen trete tou pou yo pa gen gwo pwoblèm sante, re enfekte w oswa bay lòt moun enfeksyon an. Bay patnè seksyèl ou a (yo) preskripsyon oswa medikaman siplemantè a. Medikaman yo rele doksisisiklin lan san danje epi li prèske efikas a 100% lè w pran l jan ou dwe pran li an.

patnè ki resevwa Doksisisiklin." Ankouraje li (yo) li enfòmasyon yo epi pran medikaman an.

- Ankouraje patnè seksyèl ou a (yo) al wè yon pwofesyonèl swen sante oswa nan yon klinik pou li fè tès lòt STI yo, menm si li (yo) pran medikaman an.

#### Pita:

- Tann sèt (7) jou apre ou menm ak patnè ou a (yo) fin fè tretman an anvan nou fè sèks.
- Ale wè yon pwofesyonèl swen sante oswa nan yon klinik nan twa (3) mwa pou l refè tès klamidya a pou ou.



### Kisa klamidya ye?

Klamidya se yon enfeksyon moun pran nan fè sèks (sexually transmitted infection, STI) epi ki pwopaje lè moun ap fè sèks nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen. Moun ki gen klamidya pa santi okenn sentòm jeneralman. Si yon moun santi sentòm, se kapab doulè oswa kanal brile lè l ap pipi ak pij oswa likid k ap soti nan peni, nan vajen oswa nan dèyè l. Ou ka bay lòt moun klamidya menm si w pa santi okenn sentòm.



### E si youn nan patnè seksyèl mwen yo ansent oswa si li panse li petèt ansent?

Moun ansent oswa moun ki panse yo petèt ansent **pa** dwe pran doksisisiklin.



### Kijan pou m fè pou m di patnè seksyèl mwen an (yo) mwen te nan tretman pou klamidya?

Li ka difisil pou w di patnè seksyèl ou a (yo) ou gen STI, men yo bezwen swiv tretman pou yo pa re enfekte ou menm oswa nenpòt lòt patnè seksyèl. Eseye pale klè epi onèt avèk patnè seksyèl ou a (yo). Ou ta ka di:

*"Dènyèman mwen dekouvri mwen gen yon STI, yo rele klamidya. Kòm nou te fè sèks, li posib pou w genyen l tou. Nou pa gen okenn mwayen pou nou konnen kiyès ki te genyen l avan paske pifò moun pa gen sentòm. Ou ta dwe pran medikaman sa a epi li ti liv ki vini ak medikaman an. Asire w al wè yon pwofesyonèl swen sante oswa w al nan yon klinik pou yo fè tès lòt STI yo pou ou."*



### Kisa mwen dwe fè apre sa?

#### Kounye a:

- Jwenn tretman pou klamidya.
- Di nenpòt moun ou te fè sèks avè l pandan de (2) dènye mwa yo doktè dekouvri ou gen klamidya epi w ap suiv tretman pou sa a. Eksplike l klamidya a se yon STI, epi li posib pou li enfekte avèk li.
- Bay patnè seksyèl ou a (yo) preskripsyon an oswa medikaman an, ansanm ak ti liv enfòmasyon an ki gen tit "Tretman akselere pou patnè a (EPT) pou klamidya: Yon Gid pou

Patnè seksyèl ou a (yo) ka santi li (yo) jennen, wont, koupab, an kolè oswa li (yo) ka pè — epi ou ka santi w konsa tou. Santiman sa yo nòmral. Lè ou ofri li (yo) tretman an, ou montre ou sousye de li (yo) epi ou vle ede li (yo).



## E si patnè seksyèl mwen an (yo) fache?

Patnè w la ka vin fache epi li ka repwoche w poutèt ou ba li klamidya, men gen dwa se pa ou ki enfekte l. Moun ki gen klamidya pa santi okenn sentòm jeneralman, kidonk yon moun ka genyen l depi lontan san l pa konnen. Anpil fwa, pa gen okenn mwayen pou konnen ki moun ki gen klamidya anvan. Bagay ki pi epòtan an se pale ak patnè seksyèl ou a (yo) sou enfeksyon w lan pou li (yo) ka pran tretman pou evite gwo pwoblèm sante.



## E si patnè seksyèl mwen an (yo) vin vyolan?

Si w panse yon patnè seksyèl ka vin vyolan, ou ta dwe evite ba li preskripsyon oswa medikaman an. Rele **911** tousuit si yon patnè seksyèl menase w oswa si li vin vyolan.



## Èske patnè seksyèl mwen an (yo) ta dwe pran medikaman an menm si li (yo) pa santi okenn sentòm?

Wi. Moun ka fè klamidya san yo pa santi okenn sentòm epi lè yo pran medikaman an, l ap trete li.



## Ki sa m ta dwe fè apre m fin bay patnè seksyèl mwen an (yo) preskripsyon an oswa medikaman an?

Medikaman an pran sèt (7) jou pou l bay rezilta. Pran medikaman ou kounya epi pa fè sèks nan bouch, nan dèyè oswa nan vajan pandan omwen sèt (7) jou apre patnè seksyèl ou a (yo) fin trete. Ou ka trape klamidya ankò si w te fè sèks anvan ou menm ak patnè seksyèl ou a (yo) geri.



## E si patnè seksyèl mwen an pa vle pran medikaman an?

Si yon patnè seksyèl p ap pran medikaman an, li dwe al wè yon pwofesyonèl swen sante oswa ale nan yon klinik pi vit posib pou yo fè tès pou li epi ba li tretman pou klamidya. Di patnè w la si l pa pran tretman, sa ka lakòz li gen gwo pwoblèm sante. Pandan tan sa a, pa fè sèks avèk li jiska sèt (7) jou apre li fin fè tretman an.



## E si mwen pa ka fè tout patnè seksyèl mwen yo jwenn medikaman an?

Si w pa ka bay tout patnè seksyèl ou yo medikaman an, retounen l bay pwofesyonèl swen sante a, oswa klinik ki te ba ou l la. Pa pataje medikaman w lan ak lòt moun. Ou bezwen pran tretman pou klamidya w la poukont ou, epi se pou patnè w yo fè menm jan an tou. Pa fè sèks ak okenn patnè ki pa trete jiskaske yo pran tretman pa yo.



## Kijan mwen ka fè prevansyon kont STI yo?

Lè w sèvi ak kapòt jan w dwe fè sa a epi lè w toujou sèvi avè l lè w ap fè sèks se pi bon fason pou fè prevansyon kont STI yo.